

Salè pou Travay ke Asistans

Reyanplwa Pa Kouvri



Salè ki kouvri se peman pou sèvis ou rann nan travay; ki enkli komisyon, bonis, peman pou prim ak valè monetè pou tout peman nan nenpòt mwayen ki pa lajan kach. Nan kèk ka, salè ki peye avèk sèten kalite anplwayè oswa ki peye pou sèten kalite travay pa ka itilize pou etabli yon reklamasyon.

Egzanp yo enkli:

- Vandè dirèk ki gen kontra pou vann oswa pou solisite machandiz pou konsomatè a domisil oswa andwa ki pa yon etablisman an detay pèmanan, epi kote pifò peman yo gen rapò dirèk ak lavant yo fè.
- Anplwaye yon legliz, konvansyon oswa asosyasyon legliz; oswa anplwaye yon òganizasyon ki opere prensipalman pou rezon relije ki opere, sipèvize, kontwole oswa prensipalman yon legliz, konvansyon oswa asosyasyon legliz sipòte.
- Moun ki pokò gen 18 an kap fè livrezon oswa distribye jounal.
- Sèvis pou yon lekòl, kolèj oswa inivèsite ke yon elèv ki enskri epi ale nan klas la, ofri.
- Sèvis pou ofisyèl gouvènman ki eli; manm lejislatif ak jidisyè; moun kap sèvi sou yon baz tanporè nan ka dife, tanpèt, elatriye; oswa moun ki sèvi nan yon kapasite konsilitatif ki nòmalman pa oblige plis pase uit èdtan pa semèn.
- Sèvis ki fèt kòm yon elèv enfimyè nan yon lopital oswa yon lekòl fòmasyon enfimyè, yon estajyè nan lekòl medikal nan yon lopital, oswa yon lopital pasyan.
- Sèvis yon antrepriz Endividiyèl oswa yon patnè ofri.
- Sèvis yon etranje (ki pa sitwayen ameriken) fè nan travay agrikòl, ki te antre Ozetazini anba Atik 1184(c) [ansyen Atik 214(c)] ak Atik 1101(a)(15)(H) [ansyen Atik 101. (a)(15)(H)] Lwa sou Imigrasyon ak Nasionalite.
- Sèvis ke yon moun fè kote li touche pou yon sèvis livrezon prive pou pwofi oswa sèvis mesaje, si gen sèten kondisyon.
- Sèvis yon prizonye ki nan yon enstitusyon koreksyonèl (pwogram travay deyò prizon an).
- Sèvis yon etranje ki pa rezidan (ki pa sitwayen ameriken), ki prezan tanporèman Ozetazini kòm moun ki pa imigran daprè paragraf (F) oswa (J) Atik 1101(a)(15) [ansyen Atik 101(a).)(15)] Lwa sou Imigrasyon ak Nasionalite.
- Sèvis yo ofri pou yon pitit gason, pitit fi, oswa mari oswa madanm, enkli relasyon konjwen; oswa sèvis ke pitit oswa bofis/bèlfì ki pokò gen 21 an pou manman papa, bòpè oswa bèlmè. Lè anplwayè a se yon patenarya, yon relasyon egzonore dwe egziste pou tout patnè oswa pa gen egzanpsyon. Egzonorasyon sa a pa aplikab pou kòporasyon yo.
- Terapis Òtofoni, okipasyonèl, ak fizik ki pa touche yon salè epi kap travay anba yon kontra alekri ak yon ajans sante a domisil jan sa defini nan atik 400.462, Lwa Florid yo.
- Elèv kap travay pou jwenn kredi nan yon pwogram lekòl tankou Edikasyon ki baze sou konpetans oswa Teknoloji karyè divèsifye.
- Travay nan yon bato lapèch ki peze mwens ke 10 tòn.